

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Média Facebook pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)*. Dicinekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung saméméh maké média *facebook* nya éta can mampuh, rata-rata unggal aspék anu dihontal ku siswa nya éta; aspék eusi 2,54, aspék organisasi 2,35, aspék kosa kecap 2,57, aspék basa 2,62, sarta aspék mékanik/éjahan 2,27;
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung sabada maké média *facebook* nya éta mampuh, rata-rata unggal aspék anu dihontal ku siswa nya éta; aspék eusi 3,38, aspék organisasi 3,24, aspék kosa kecap 3,05, aspék basa 3,16, sarta aspék mékanik/éjahan 3,08;
- 3) Dumasar kana hasil  $t_{itung} 12,38 > t_{tabel} 2,46$  katitén yén aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* nulis pangalaman pribadi siswa. Ku kituna dicindekeun yén média *facebook* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2014/2015.

#### 5.2 Implikasi

Média *facebook* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi. Larapan média *facebook* meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru. Ieu hal téh dilantarankeun prak-prakan larapan media *facebook* anu ngirut jeung pikaresepeun. Ku sabab siswa jaman kiwari wanoh pisan kana sagala rupa jenis média sosial kaasup *facebook*. Ayana fitur grup dina *facebook* ngamungkinkeun siswa pikeun silih tukeur inpormasi, silih ingetan pancén, jeung bisa tukeur pikiran dina mere sawangan ngeunaan hiji hal. Lantaran éta, media

pangajaran téh miboga poténsi pikeun siswa diajar mikir kritis, wani ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranana, kréatif, jeung mantuan siswa ngageuing imajinasi dina diajar, lantaran dina prosés diajarna ngaliwatan média *facebook* anu bisa macu siswa sangkan leuwih gampang dina maham matéri pangajaran nulis pangalaman pribadi kalayan suasana anu teu monoton.

## 5.2 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Ku sabab hasil panalungtikan yén média *facebook* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi, ku kituna dirékoméndasikeun média *facebook* ieu pikeun dijadikeun alternatif média dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.
- 2) Guru kudu leuwih kréatif dina nepikeun pangajaran, contona maké média anu bisa ngirut siswa pikeun aktif dina prosés diajar. Dipihareup guru bisa maké média *facebook* dina nepikeun pangajaran nulis pangalaman pribadi.
- 3) Siswa kudu leuwih sering deui diajar nulis karangan basa Sunda nu luyu jeung palanggaran basa sarta minat siswa dina nulis karangan basa Sunda kudu leuwih dihudang.